दिन–गुरूवार दिनांक–08.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रवर्तन निदेशालय–ईडी फर्जी सरकारी नोकरी घोटाला मे संलिप्त संगठित गिरोहक पर्दाफाश कयलक अछि। एहि मामिला मे ईडी बिहार समेत छओ राज्य मे छापामारी कयलक। प्राप्त जनतबक अनुसार जांच एजेंसी बिहार मे मुजफ्फरपुर आ मोतिहारी मे छापामारी कयलक। निदेशालय जनौलक अछि जे शुरूआती जांच मे ई घोटाला भारतीय रेलवे सँ जुड़ल लागि रहल छल। मुदा, बाद मे एकर सीमा चालीस सँ बेसी विभाग धरि पसरल पाओल गेल। एहि मे बिहार सरकार, वन विभाग, रेलवे भर्ती बोर्ड, भारतीय डाक, आयकर विभाग, उच्च न्यायालय आ लोक निर्माण विभाग समेत आनो विभागक नाम सम्मिलित अछि। जांच एजेंसी जनौलक जे गिरोह फर्जी नियुक्ति पत्र पठेबाक लेल सरकारी डोमेनक नकल करैत फर्जी ई–मेल अकाउंटक उपयोग कयलक। गिरोह किछु पीड़ित के दू सँ तीन मासक आरंभिक वेतन सेहो देलक, ताकि कोनो शक नहि होबय। बाद मे ई सभ सँ मोट रकम वसूल कयलक।

---

प्रदेश मे पटना सिविल कोर्ट आ मधुबनीक सिविल कोर्ट समेत आनो जिलाक सिविल कोर्ट के बम सँ उड़ेबाक धमकी भेटल। धमकी भेटलाक बाद सभ ठामक व्यवहार न्यायालय परिसर मे सर्च अभियान चलाओल गेल, जाहि मे एखन धरि कतहुं कोनो विस्फोटक नहि भेटल अछि। धमकीक बाद कोर्ट परिसरक सुरक्षा बढ़ा देल गेल। हमर मधुबनी संवाददाता जनौलनि अछि जे कोर्ट परिसर के खाली करा कऽ बम निरोधक दस्ता द्वारा एखनहुं जांच कयल जा रहल अछि।

---

सर्वोच्च न्यायालय बिहार समेत किछु राज्य मे निर्वाचन आयोगक विशेष गहन पुनरीक्षण– एसआईआरक निर्णय के चुनौती देबयवला याचिका पर अंतिम सुनवाई मंगल दिन धरि लेल बढ़ा देलक। मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति सूर्यकान्तक पीठ कहलक जे तेरह जनवरी के पुनः सुनवाई होयत। एहि सँ पूर्व मंगल के निर्वाचन आयोग पीठ के जनतब देने छल जे ई सुनिश्चित करब ओकर संवैधानिक कर्तव्य थीक जे कोनो विदेशी भारतक मतदाताक रूप मे पंजीकृत नहि होथि।

———————————————————————————

पटना उच्च न्यायालय मे दू नवनियुक्त न्यायाधीश रितेश कुमार आ प्रवीण कुमार आइ शपथ लेलनि। पटना उच्च न्यायालयक शताब्दी भवन मे आयोजित समारोह मे मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति संगम कुमार साहू दुनू नवनियुक्त न्यायाधीश के पद आ गोपनीयताक शपथ दियौलनि।

———————————————————————————

प्रदेशक सभ सरकारी कार्यालय मे आब राज्य मे बनल समान कीनल जायत। उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल जनौलनि जे एहि वास्ते सरकार जल्दीए एक नव प्रस्ताव लऽकऽ आबि रहल अछि। ओ कहलनि जे एहि सँ प्रदेशक उद्योग के नीक बाजार भेटत।

———————————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता शकील अहमद खान कहलनि अछि जे कांग्रेस के अपन बाट पर चलबाक आवश्यकता अछि। श्री खान कहलनि जे विधानसभा चुनाव मे भेल हार के समीक्षा लेल दिल्ली मे भेल बैसार मे सम्मिलित सभ नेता एकमत सँ एहि बात पर सहमति व्यक्त कयलनि जे कांग्रेस के अपन बाट स्वयं तैयार करबाक चाही। एम्हर, शकील अहमद खानक बयान पर राजद प्रवक्ता एजाज अहमद कहलनि जे प्रत्येक पार्टी अपन मजगूती लेल काज करैत अछि। ओ एहि बयान पर भऽ रहल राजनीति के आधारहीन कहलनि।

———————————————————————————

बिहार प्रदेश कांग्रेस दस जनवरी सँ मनरेगा बचाओ अभियान शुरू करत। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम जनौलनि जे ई अभियान पच्चीस फरवरी धरि चलत। दस जनवरी के सभ जिलाक उपविकास आयुक्तक कार्यालयक सोझा पार्टी संवाददाता सम्मेलन करत। ओतहि, एगारह जनवरी के जिला मुख्यालय सभ मे एक दिवसीय उपवास तथा बारह जनवरी सँ तीस जनवरी धरि पंचायत स्तरीय चौपालक आयोजन कयल जायत। तीस जनवरी के धरना देल जायत। ओतहि, प्रदेशक कृषि मंत्री रामकृपाल यादव आइ पटनाक दानापुर मे जनौलनि जे सरकार मनरेगाक कमी के दूर कऽ विकसित भारत जी राम जी योजना लौलक अछि।

———————————————————————————

संपूर्ण प्रदेश कड़गर ठंढा आ घनगर कुहेसक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि कमी दर्ज भेल अछि। ओतहि, छपरा वाल्मीकिनगर आ दरभंगा मे शीतदिवसक स्थिति बनल रहल। आइ गयाजी प्रदेशक सभ सँ ठंढा स्थान रहल, जतऽ न्यूनतम तापमान चारि दशमलव एक डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला पांच दिन धरि तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। काल्हि प्रदेशक उत्तरी आ दक्षिण–पूर्व क्षेत्र मे शीतदिवस एहन स्थिति बनल रहत। ओतहि, राज्यक उत्तरी हिस्सा मे सवेर मे घनगर कुहेस लगबाक पूर्वानुमान अछि।

———————————————————————————

समाप्त